

VAKSEN POU KONBAT COVID-19 AK TIMOUN YO



Vaksen pou timoun yo enpòtan Timoun yo ka pran COVID-19 la tou.

- Vaksen pou konbat COVID-19 la ede nan anpeche timoun yo vin malad grav, etène lopital, ak devlope konplikasyon nan viris la.
- Menm timoun ki te deja gen COVID-19 kapab pran vaksen an paske sistèm iminitè yo (pwoteksyon) diminye avèk tan an.



Pa gen danje nan vaksen pou konabt COVID-19 la pou timoun 6 mwa ak plis.

- Timoun yo pa ka pran COVID-19 nan vaksen an.
- Engredyan yo ki nan vaksen kont COVID-19 la asire.
- Pran vaksen kont COVID-19 la se yon fason ki pi asire epi ki pi serye tou pou pwoteje w pase w malad ak viris la.



Li ka gen efè segondè.

- Vaksen, tankou medikaman yo, gen efè segondè ki ka dire kèk jou, men yo jeneralman lejè (pa egzanp, doulè kote yo te pran vaksen an, dòmi, elatriye). Gen kèk timoun ki pa gen okenn efè segondè.
- Si ou enkyè pou fason timoun lan santi l aprè l fin resevwa vaksen an, rele pwofesyonèl swen sante w la.



Jwenn vaksen COVID-19.

- Pou w kapab jwenn **vaksen gratis** ak kote y ap bay vaksen yo, vizite nj.gov/health/vaccines/covid-19 oswa eskane kòd QR la.
- Ou ka vizite tou vaccines.gov.



Pou plis enfòmasyon, pale ak pwofesyonèl swen sante w la oswa vizite cdc.gov/covid/vaccines/stay-up-to-date.html.